



Pou Piblikasyon Imedya: 13/02/2026

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL DEWALE STRATEJI ANBA LAVIL ALBANY AN POU GIDE  
200 MILYON DOLA NAN ENVESTISMAN KI GEN GWO ENPAK EPI REVITALIZE  
NWAYO KAPITAL LA**

***Plan aksyon konplè ki baze sou kominote a adrese kwasans lojman, kreyasyon  
djòb, ranfòsman ti biznis yo, ak relans koridò komèsyal ak domèn piblik nan anba  
lavi la***

***Estrateji pou Sant Vil Albany an [disponib isit la](#)***

Gouvènè Kathy Hochul te devwale jodi a Estrateji Anba Lavi Albany a, yon plan revitalizasyon konplè, ki baze sou kominote a, ki fè pati Inisyativ Defann Potansyèl Albany (Championing Albany's Potential, CAP) ki koute 400 milyon dola. Estrateji a apiye pa 200 milyon dola nan investisman piblik ki soti nan Eta Nouyòk pou gide aksyon kowòdone ki pral estimile kwasans lojman pou atire nouvo rezidan, kreye djòb, ankouraje redevlopman alontèm, anime koridò komèsyal yo, epi dinamize domèn piblik la. Devlope avèk kontribisyon plizyè milye rezidan, travayè, etidyan, pwopriyetè biznis, ak lidè kominotè yo, Estrateji Anba Lavi Albany a refleto yon angajman piblik vaste atravè atelye, reyinyon ak moun ki gen enterè, ak gwoup diskisyon epi li reprezante yon vizyon pou yon nouvo kwasans ekonomik ki gide pa priyorite kominote a.

"Anba Lavi Albany te yon sant istorik pandan plis pase 400 ane, epi mwen angaje m pou m renouvle enpòtan li non sèlman nan rejyon an, men nan tout eta nou an ak nan tout nasyon an. Estrateji sa a pral pote chanjman transfòmasyonèl epi debloke tout potansyèl li", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Atravè investisman ki gen gwo enpak, patenarya solid, ak objektif kwasans klè, n ap bati yon anba lavi revitalize ki diy de kapital Empire State la pou rezidan yo, travayè yo, ak vizitè yo san distenksyon."

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare,** "Estrateji sa a pa yon lis pwojè, men li refleto sa ki posib lè nou konbine vwa kominote a ak investisman entelijan ak sible. Lè nou konsantre sou lojman, travay, ak kalite lavi, n ap poze fondasyon pou yon kwasans dirab ak yon konfyans renouvle nan Anba Lavi Albany."

**Komisè Biwo Sèvis Jeneral (Office of General Services, OGS) Eta Nouyòk la, Jeanette Moy, te deklare,** "Revitalizasyon Anba Lavi Albany an, dirije pa Gouvènè Hochul, ap bati yon avni ki pi enklizif ak vibran pou kapital la ki refleto epi sèvi Nouyòkè

yo ak vizitè yo san distenksyon. Nou angaje nou pou ranfòse lyen Empire State Plaza a ak kominote ki antoure l yo epi modènize espas piblik nou yo, pou fè Anba Lavil Albany vin yon destinasyon kote tout moun vle ye."

**Komisè Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta Nouyòk, Marie Therese Dominguez, te deklare,** "Estrateji Anba Lavil Albany an se yon plan konplè ki pral transfòme vizyon Gouvènè Hochul la an yon nouvo reyalite briyan pou Kapital nou an. Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta a fyè pou l ap travay avèk kominote a sou inisyativ sa a, ki pral gen yon enpak milti-fasèt ak jenerasyonèl sou Vil Albany ak rezidan li yo. Atravè pwojè transfòmasyon tankou nouvo Pon Livingston Avenue ak re-majinasyon koridò Interstate 787 la, nou deja ap travay di pou fè li rive pou moun k ap viv epi k ap travay nan Anba Lavil Albany yo."

**Senatè Eta Patricia Fahy te deklare,** "Albany pa sèlman ap vire paj yon nouvo chapit nan listwa li — n ap ekri yon nouvo chapit nèt pandan n ap gade pou pi devan. Revitalize Anba Lavil Albany, kè Rejyon Kapital nou an, kòmanse ak twa prensip kle: bati plis inite lojman ki vrèman aksesib e abòdab pou adrese kriz lojman an, relanse aktivite ti biznis yo epi fè zòn nan tounen yon destinasyon prensipal, epi investi nan amelyorasyon kominotè ak modènizasyon pou katye nan sant vil la, tankou redevlopman Liberty Park. Gras a 400 milyon dola transfòmasyon nou te jwenn ane pase a, yon nouvo jou ap pran nesans pou Albany, epi mwen vle remèsye Gouvènè Hochul, kòlèg lejislatif mwen yo, delegasyon Rejyon Kapital la, Majistra Appliers, ak ansyen Majistra Sheehan pou patenarya kontinyèl yo a. Lavni Albany a briyan."

**Manm Asanble John T. McDonald III, RPh te deklare,** "Revitalize Anba Lavil Albany an mande yon plan konplè ki abòde lojman, opòtinite ekonomik, ak sekirite piblik ansanm. Estrateji sa a pran mezi pou atire nouvo rezidan, sipòte ti biznis yo, epi ede amelyore kalite lavi a. Mwen ankouraje akòz gwo kontribisyon kominote a dèyè plan sa a epi mwen pa ka tann pou mwen travay avèk patnè nou yo pou asire investisman sa yo bay rezilta dirab pou Rejyon Kapital la."

**Manm asanble Gabriella A. Romero te deklare,** "Anba Lavil Albany an se kè kapital nou an, epi estrateji sa a pou investisman istorik 200 milyon dola a montre ke nou pral ale pi lwen pase konvèsasyon pou nou antre nan aksyon reyèl ak transfòmasyon pou kominote nou an. Soti nan agrandisman lojman ak kreye travay ki byen peye pou rive nan sipòte ti biznis yo ak revitalize espas piblik nou yo, estrateji sa a make yon gwo pa annavan pou Albany. Mwen patikilyèman fyè dèske plizyè milye manm kominote a te ede fòme plan sa a, paske pwogrè dirab sèlman rive lè moun k ap viv epi k ap travay isit la yo gen yon plas bò tab la. Mwen ap tann ak enpasyans pou kontinye kolaborasyon kominotè a pandan n ap travay pou konstwi yon anba lavil ki vivan e pwospè pou tout moun ka jwi li."

**Chèf Egzekitif Konte Albany Daniel P. McCoy te deklare,** "Albany te toujou yon anba lavil sivik ak ekonomik Rejyon Kapital la, e plan sa a gen pou objèktif pou konstwi sou fondasyon sa a. Estrateji Anba Lavil Albany an se yon plan aksyon, oryante sou aksyon, ki konsantre sou enpak alontèm, pou asire ke anba lavil la rete yon kote moun vle viv,

travay, epi pase tan. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou investisman istorik 400 milyon dola li a atravè Inisyativ Defann Potansyèl Albany (CAP) la ak objektif anbisye li yo pou rezilta li pral bay yo. Plan sa a pral ede transfòme non sèlman anba lavil nou an, men tou avni Konte Albany an."

**Majistra Vil Albany a, Dr. Dorcey Applyrs, te deklare,** "Anba Lavil Albany se kè kapital nou an epi anons sa a sou Estrateji Anba Lavil Albany a ban nou yon chemen klè ak kowòdone pou ranfòse li. Delè defini an kenbe tout moun ki konsène yo responsab, avèk objektif mezirab entegre pou asire nou rete sou sib la. Avèk travay ak investisman Gouvènè a, nou vle ajoute plizyè milye djòb pandan dis ane k ap vini yo, debloke investisman prive, epi amelyore evalyasyon sekirite pou rezidan yo ak vizitè yo ka santi yo alèz nan anba lavil nou an. Nivo kowòdinasyon sa a se fason nou rebati konfyans epi pote yon kwasans dirab nan anba lavil nou an, yon bagay rezidan yo, vizitè yo ak pwopriyetè biznis yo te di nou yo vle wè. Mwen rekonesan anvè lidèchip Gouvènè a epi mwen ap tann ak enpasyans patenarya nou an pandan n ap travay pou fè plan sa a tounen yon reyalite."

Estrateji a priyoreze investisman konsantre nan anba lavil la pou bati yon momantòm epi tire pwofi de devlopman prive, pou sèvi kòm yon fondasyon pou yon revitalizasyon pi laj ki depase limit sant vil la. Yon eleman santral nan plan an se redevlopman Liberty Park, ke yo idantifye kòm yon opòtinite kle pou lojman nan gwo echèl, espas piblik, ak destinasyon katye yo. Estrateji a dedye jiska 40 milyon dola nan finansman Empire State Development pou fè distri Liberty Park la avanse.

Strateji Anba Lavil Albany an pral aplike atravè twa investisman piblik sible ki gen gwo enpak:

- **Fon Pwojè Transfòmatè (120 milyon dola):** Sipòte gwo pwojè enpòtan ki amelyore eksperyans anba lavil la epi ki motive enterè piblik la nan pwogrè redevlopman anba lavil la.
- **Fon Investisman Lojman (40 milyon dola):** Ogmante opsyon lojman pou kenbe epi ogmante kantite rezidan anba lavil la, kreye yon kominote 24 sou 24, 7 jou sou 7 pou sipòte kwasans komèsyal ak sèvis vil la.
- **Fon Investisman Kominotè a (40 milyon dola):** Amelyore pak yo, espas piblik yo, ak ekipman katye yo

Atravè investisman estratejik Eta a ak patenarya solid ak sektè prive a, Estrateji Anba Lavil Albany an pral sipòte devlopman lojman, kwasans ti biznis, kreyasyon djòb, ak lari ki pi an sekirite e ki pi aktif. Plan an fèt pou l bay amelyorasyon vizib ak dirab ki ranfòse wòl Albany kòm sant ekonomik ak kiltirèl rejyon an.

Antanke kapital Eta Nouyòk e yon sant ekonomik rejyonal, Albany depi lontan ap fè fas ak defi ki te vin pi grav akòz chanjman apre pandemi an nan fason moun travay ak viv, sa gen ladan l anpil lokal komèsyal ki vid ak resous minisipal yo ki vin limite. Estrateji Anba Lavil Albany an reponn ak yon apwòch pou revitalizasyon ki konsantre sou done, ki baze sou sis objektif kwasans:

1. Triple kantite rezidansyèl nan Anba Lavil la pou rive nan 3,500 an 2035.
2. Ajoute 1,500 djòb nan Anba Lavil la nan senk ane; 3,000 nan 10 ane
3. Rive jwenn senk milyon vizitè chak ane, sejou 90 minit, plis pase 150 jou evènman
4. Reyalize 3 dol nan investisman prive pou chak dola nan finansman CAP.
5. Mete twa sit katalizè an konstriksyon nan twa zan.
6. Amelyore evalyasyon sekirite pozitif pou Anba Lavil Albany

ESD pral chèche apwobasyon konsèy administrasyon an pou direktiv pwogram nan reyinyon Konsèy Administrasyon li a nan dat 19 fevriye, epi aplikasyon pou finansman pwogram nan ap ouvri nan mwa mas.

Pou plis enfòmasyon sou Estrateji Anba Lavil Albany an ak Inisyativ CAP la, vizite [downtownalbanystrategy.com](http://downtownalbanystrategy.com).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)